ODYANS POU PATISIPASYON PIBLIK

Southern California Gas Company ak San Diego Gas & Electric Company

Demann pou Revizyon Tarif Jeneral (A.26-06-014/A.26-06-015)

Objektif Odyans Patisipasyon Piblik la (PPH) se ofri w yon opòtinite pou w kominike dirèkteman avèk Komisyon Sèvis Piblik Kalifòni an (CPUC) konsènan demann pou revizyon tarif jeneral (General Rate Case oswa GRC) konpayi Southern California Gas Company (SoCalGas) ak San Diego Gas and Electric Company (SDG&E) (ansanm, yo rele konpayi sèvis piblik sa yo oswa Sempra).
Nou envite w patisipe nan PPH yo a 2:00 pm ak 6:00 pm nan dat 9 novanm (an pèsòn, SoCalGas), 10 novanm (an pèsòn, SDG&E), epi 9-10 desanm (vityèl).

Ki sa demann pou ajisteman tarif sa yo konsène?

Chak kat ane, CPUC a egzije pou SoCalGas ak SDG&E soumèt yon demann GRC. Piske SoCalGas ak SDG&E se menm konpayi paran an, Sempra, ki posede yo, yo te regroupe yo nan yon sèl pwosedi. Nan demann sa yo, SoCalGas ak SDG&E prezante estimasyon depans yo, sèvis yo ak pwojè yo; yo chak mande apwobasyon pou yon montan revni yo otorize kolekte nan men kliyan yo. Lè l ap evalye demann GRC yo, CPUC a egzamine done detaye sou depans ki gen rapò ak divès aspè nan operasyon konpayi sèvis piblik yo; answit, li deside si pou l modifye tarif SoCalGas ak SDG&E otorize pou yo aplike pou kliyan yo, epi si pou l egzije lòt chanjman nan fason y ap fonksyone alavni.

Nan demann sa yo, A.26-06-014 (SoCalGas) ak A.26-06-015 (SDG&E), konpayi sèvis piblik yo ap mande CPUC a pou apwouve ogmantasyon tarif pou kliyan yo pou ane 2028 rive 2031. [1]CPUC a prevwa pibliye yon pwopozisyon desizyon konsènan demann GRC sa yo nan fen ane 2027.

Ki sa ogmantasyon tarif SoCalGas ak SDG&E mande a t ap vle di pou ou an 2028?

SoCalGas - sèvis gaz

Dapre pwopozisyon SoCalGas la, bòdwo mansyèl estime pou yon kliyan rezidansyèl tipik—ansanm ak yon kliyan rezidansyèl tipik ki gen revni fèb epi ki enskri nan pwogram *California Alternate Rates for Energy* (CARE)—ap ogmante an 2028 konpare ak bòdwo ane 2027 yo, jan sa parèt nan tablo ki anba a:

Enpak yo prevwa sou bòdwo rezidansyèl chak mwa SoCalGas pou ane 2028 la				
Kliyan	**Estimasyon bòdwo pou ane 2027**	**Ogmantasyon yo Pwopoze**	**Pwojè Lwa 2028**	**% Ogmantasyon**
Kliyan Rezidansyèl ki pa nan Pwogram CARE	**$73.44**	**$ 5.59**	**$79.03**	**7.6%**
Kliyan Rezidansyèl CARE	**$42.00**	**$ 3.22**	**$45.22**	**7.7%**

SDG&E - sèvis elektrisite ak gaz

Dapre pwopozisyon SDG&E a, bòdwo mansyèl estime pou yon kliyan rezidansyèl tipik—kit li itilize gaz, elektrisite, oswa toude—ansanm ak kliyan rezidansyèl tipik ki gen revni fèb epi ki enskri nan pwogram CARE a, ap ogmante an 2028 konpare ak bòdwo ane 2027 yo, jan sa parèt nan tablo ki anba a:

[1] Chif yo reflete temwayaj koreksyon Sempra te prezante pou dat 30 septanm 2026 la; yo ka varye yon ti kras parapò ak montan ki te parèt nan demann orijinal la, ansanm ak chif ki parèt nan avi bòdwo kliyan konpayi sèvis piblik yo.

Enpak yo prevwa sou bòdwo rezidansyèl chak mwa SDG&E pou ane 2028 la				
Kliyan	**Estimasyon bòdwo pou ane 2027**	**Ogmantasyon yo Pwopoze**	**Pwojè Lwa 2028**	**% Ogmantasyon**
Kliyan Rezidansyèl ki pa nan Pwogram CARE (Elektrisite)	**$197.02**	**$ 13.72**	**210.74 $**	**7.0%**
Kliyan Rezidansyèl CARE (Elektrisite)	**$113.19**	**$ 8.92**	**$122.11**	**7.9%**
Kliyan Rezidansyèl ki pa nan Pwogram CARE (Gaz)	**$64.85**	**$ 8.46**	**$73.31**	**13.0%**
Kliyan Rezidansyèl CARE (Gaz)	**$44.19**	**$ 5.81**	**$50.00**	**13.1%**
Fakti konbine pou elektrisite ak gaz - Kliyan rezidansyèl ki pa nan pwogram CARE	**$261.87**	**$22.18**	**$284.05**	**8.5%**
Fakti konbine pou elektrisite ak gaz - Kliyan rezidansyèl CARE	**$157.38**	**$ 14.73**	**$172.11**	**9.4%**

Chanjman yo Pwopoze nan Pwojè Lwa a Apre 2028

SoCalGas: Bòdwo chak mwa pou yon kliyan rezidansyèl tipik SoCalGas — ki pa benefisye pwogram CARE a — ap ogmante apeprè $3.82 (4.8%) an 2029, $3.79 (4.6%) an 2030, epi $3.81 (4.4%) an 2031. Fakti chak mwa pou yon kliyan rezidansyèl tipik ki benefisye pwogram CARE nan SoCalGas ap ogmante apeprè $2.20 (4.9%) an 2029, $2.18 (4.6%) an 2030, epi $2.20 (4.4%) an 2031.

Kliyan elektrisite SDG&E yo: Bòdwo **elektrisite** chak mwa pou yon kliyan rezidansyèl tipik SDG&E — ki pa benefisye pwogram CARE a — ap ogmante apeprè $4.49 anplis (2.1%) an 2029, $3.83 (1.8%) an 2030, ak $5.35 (2.4%) an 2031. Fakti elektrisite chak mwa pou yon kliyan rezidansyèl tipik SDG&E ki benefisye pwogram CARE a ap ogmante apeprè $2.91 anplis (2,4%) an 2029, $2.49 (2,0%) an 2030, ak $3.48 (2,7%) an 2031.

Kliyan gaz SDG&E: Bòdwo **gaz** chak mwa pou yon kliyan gaz rezidansyèl ki pa CARE SDG&E ta ap ogmante apeprè $4.04 anplis (5.5%) an 2029, $4.04 (5.2%) an 2030, ak $4.08 (5.0%) an 2031. Fakti gaz chak mwa pou yon kliyan rezidansyèl tipik SDG&E ki benefisye pwogram CARE a ap ogmante apeprè $2.78 anplis (5,6%) an 2029, $2.78 (5,3%) an 2030, epi $2.80 (5,0%) an 2031.

Kliyan SDG&E ki itilize ni gaz ni elektrisite: Bòdwo mansyèl **pou** gaz ak elektrisite yon kliyan rezidansyèl tipik SDG&E — ki pa benefisye pwogram CARE a — ap ogmante apeprè $8.53 (3.0%) an 2029, $7.87 (2.7%) an 2030, epi $9.43 (3.1%) an 2031. Fakti chak mwa pou gaz ak elektrisite yon kliyan rezidansyèl tipik SDG&E ki benefisye pwogram CARE a, pral ogmante apeprè $5.69 anplis (3,3%) an 2029, $5.27 (3,0%) an 2030, epi $6.28 (3,4%) an 2031.

Ki kantite depans anplis konpayi sèvis piblik yo mande pou mete nan tarif ou yo pou peryòd 2028-2031 an, anplis depans yo prevwa pou ane 2027 la?

Ane	Pwopozisyon SoCalGas Ogmantasyon Anyèl	Pwopozisyon SDGE Ogmantasyon Anyèl
2028	478 milyon dola (10,4 %)	269 milyon dola (7,7 %)
2029	314 milyon dola (6,2 %)	325,3 milyon dola (8,7 %)
2030	311 milyon dola (5,8 %)	223,9 milyon dola (5,5 %)
2031	313 milyon dola (5,5 %)	238,5 milyon dola (5,6 %)

Ki kalite depans adisyonèl SoCalGas ak SDG&E di yo bezwen rekipere?

Demann GRC yo pèmèt konpayi sèvis piblik yo mande pou yo rekipere depans yo, tankou depans fonksyònman ak antretyen, depans administratif ak jeneral, depans depresyasyon, ansanm ak taks.

SoCalGas

Demann SoCalGas la pou depans total operasyon ak antretyen (O&M) monte a 2,03 milya dola. Gwo depans operasyon ak antretyen yo parèt anba a:

- Distribisyon: 261 milyon dola
- Gwo Pwojè Gaz: 212 milyon dola
- Transmisyon ak Depo: 129 milyon dola
- Sèvis Kliyan: 301 milyon dola
- Teknoloji Enfòmasyon ak Sekirite Cyber: 86 milyon dola
- Sèvis Sipò: 190 milyon dola
- Administratif ak Jeneral: 710 milyon dola

Anplis rekiperasyon depans O&M, SoCalGas mande $1.31 milya dola pou depresyasyon ak $335.6 milyon dola pou taks, epi demann li a pral lakòz yon retounen jeneral $1.35 milya dola sou baz tarif li an 2028.

Demann SoCalGas la gen ladan l tou depans kapital ki monte a 7,2 milya dola ant 2029 ak 2031. Sa gen ladan l envestisman nan ranplasman enfrastrikti, sekirite gaz, ak sibèsekirite.

SDG&E

Demann SDG&E pou depans total operasyon ak antretyen (O&M) monte a 1,49 milya dola. Gwo depans operasyon ak antretyen yo parèt anba a:

- Transmisyon Gaz ak Pwojè: 44,5 milyon dola
- Distribisyon gaz: 45,6 milyon dola
- Diminye Risk Dife nan Lanati ak Jesyon Vejetasyon: $173.5 milyon
- Distribisyon elektrisite: $138.3 milyon
- Sèvis Kliyan: 95.3 milyon dola
- Sèvis Sipò: 147.8 milyon dola
- Teknoloji Enfòmasyon ak Sekirite Cyber: 117.1 milyon dola
- Administratif ak Jeneral: 663.9 milyon dola

Anplis de rekiperasyon depans operasyon ak antretyen (O&M), SDG&E mande 1,07 milya dola pou depresyasyon (gaz ak elektrisite) ansanm ak 474,2 milyon dola pou taks; demann sa a pral lakòz yon retou total konbine ki monte a 937 milyon dola sou baz tarif li an 2028.

Demann SDG&E a gen ladan tou depans kapital ki monte a 5,03 milya dola ant ane 2029 ak 2031. Sa gen ladan l envestisman nan amelyorasyon sistèm gaz ak sistèm elektrik, ranplasman enfrastrikti, jesyon difè sovaj, sekirite gaz ak sekirite sibènetik.

Kijan mwen ka fè yo tande vwa mwen?

- Pran lapawòl nan yon fowòm piblik CPUC k ap vini (ki rele ofisyèlman yon Odyans pou Patisipasyon Piblik) nan kominote w la. Ou ka jwenn yon lis dat, lè, ak kote yo nan: https://www.cpuc.ca.gov/pph
- Soumèt kòmantè bay CPUC a yon fason elektwonik, lè w itilize bouton “Add Public Comment” (Ajoute Kòmantè Piblik) ki nan onglet “Public Comment” (Kòmantè Piblik) sou Fich Dosye (Docket Card) pou A.26-06-014 (SoCalGas) oswa A.26-06-015 (SDG&E). Ou ka egzamine tou lòt kòmantè piblik ki gen rapò ak demann pou chanje tarif sa a: https://apps.cpuc.ca.gov/c/A2606014 (SoCalGas) ak https://apps.cpuc.ca.gov/c/A2606015 (SDG&E)
- Kontakte Konseye Piblik (Public Advisor) CPUC a epi mete nimewo dosye a, swa “A.26-06-014 (SoCalGas)” oswa “A.26-06-015 (SDG&E),” nan adrès sa a: public.advisor@cpuc.ca.gov, oswa voye l pa lapòs bay: CPUC, Public Advisor’s Office, 505 Van Ness Ave., San Francisco, CA 94102.

Plis enfòmasyon sou pwosedi a:

- Gade demann GRC SoCalGas la nan A.26-06-014 — Demann GRC 2028 SoCalGas — ansanm ak dokiman ki gen rapò avè l yo nan A.26-06-014 — SoCalGas 2028 General Rate Case | SoCalGas.
- Gade demann GRC SDG&E a nan A26-06-015 TY 2028 GRC Application, ansanm ak dokiman ki gen rapò avèk li, nan SDG&E 2028 General Rate Case | San Diego Gas & Electric.
- Kontakte SoCalGas pa imèl nan GRCCaseMgmt@semprautilities.com ak/oswa pa telefòn nan 1-800-342-4545.
- Kontakte SDG&E pa imèl nan GRCCaseMgmt@semprautilities.com ak/oswa pa telefòn nan 1-800-411-7343.
- Biwo Konseye Piblik CPUC a bay enfòmasyon pou ede piblik la patisipe nan pwosedi yo; ou ka enskri pou resevwa dokiman ki gen rapò ak A.26-06-014 (SoCalGas) oswa A.26-06-015 (SDG&E) nan adrès sa a: http://subscribecpuc.cpuc.ca.gov/fpss/Default.aspx
- Biwo Defansè Piblik la (Public Advocates Office) se yon antite endepandan k ap defann enterè konsomatè yo anndan CPUC a; li pral egzamine, verifye, epi prezante temwayaj fòmèl konsènan demann SoCalGas ak SDG&E yo. Sitwèb li se: https://www.publicadvocates.cpuc.ca.gov
- Divizyon Enèji CPUC a bay enfòmasyon sou pwosesis reglemantè pou konpayi sèvis piblik enèji yo: https://www.cpuc.ca.gov/about-cpuc/divisions/energy-division
- Divizyon Sekirite ak Ranfòsman (Safety and Enforcement Division) nan CPUC a travay pou asire ke sèvis ki reglemante yo founi yon fason ki an sekirite epi ki fyab. Yo fè sa lè yo mennen odit ak ankèt, epi lè yo idantifye vyolasyon kòd sekirite CPUC yo: https://www.cpuc.ca.gov/about-cpuc/divisions/safety-and-enforcement-division
- Divizyon Politik Sekirite CPUC a bay Komisyon Sèvis Piblik Kalifòni (CPUC) konsèy sou politik ak règleman, nan objektif pou asire ke konpayi sèvis piblik ki anba jiridiksyon ak sipèvizyon CPUC a bay sèvis ki an sekirite epi serye.: https://www.cpuc.ca.gov/about-cpuc/divisions/safety-policy-division